



Pou Piblikasyon Imedya: 08/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRÈSKE \$15 MILYON EKONOMI GRAS A REFÒM SOU BWASON ATIZANAL YO

Kredi sou Pwodiksyon Alkòl (Alcohol Production Credit) Pèmèt Pwodiktè yo Ekonomize \$12 Milyon depi 2012, Anrejistreman Etikèt Mak "San Frè" (No Fee) a te Pèmèt Pwodiktè yo Ekonomize \$2.2 Milyon depi 2013

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse endistri bwason atizanal la te ekonomize prèske \$15 milyon depi 2012 atravè chanjman ak refòm reglemantè yo pou ede ankouraje plis kwasans nan sektè sa k ap boujonnen an. Mezi sa yo te pèmèt brasri yo, konpayi diven yo, distilri yo ak sidri yo ekonomize lajan epi reyenvesti nan biznis yo pou plis devlope endistri bwason atizanal la atravè tout Empire State la.

"Administrasyon sa a te redwi fòmaliite administratif yo epi anile règleman penib sa yo pou ede pwodiktè bwason atizanal New York yo pwospere pandan y ap kontinye fabrike kèk nan meyè byè, diven, ak sid ak alkòl nan mond lan," **Gouvènè Cuomo te di.** "Nou pral kontinye ajoute sou pwogrè sa a epi ede ankouraje kwasans alavni nan endistri k ap kontinye fleri sa a."

Refòm Reglemantè pou Sipòte Kwasans Endistri a

Fabrikan bwason atizanal yo te reyisi ekonomize anpil kòm konsekans chanjman reglemantè ak lejislatif adisyonèl yo te mete an aplikasyon anba Gouvènè Cuomo a yo. Refòm ki te fèt nan Kredi Taks sou Pwodiksyon Byè (Beer Production Tax Credit) pou l te vin kouvri endistri diven, alkòl ak sid la yo, sa ki te pèmèt pwodiktè yo ekonomize \$12 milyon depi 2012, ak lejislasyon ki egzante pwodiktè byè, sid, ak alkòl piti yo pou yo pa peye frè anrejistreman etikèt mak yo ki te pèmèt pwodiktè piti sa yo ekonomize plis pase \$2.2 milyon depi pwomilgasyon refòm nan an 2013.

Anplis de sa a, nan premye Somè Diven, Byè ak Alkòl (Wine, Beer and Spirits Summit) Eta New York la ki te fèt an 2012 la, Gouvènè Cuomo te bay Otorite Bwason Alkòl Eta a (State Liquor Authority) lòd pou yo redwi frè pou pèmi piblisite yo a mwaye, soti \$250 pou vin \$125, ki lakoz yo ekonomize plis pase \$154,000 depi 2012. Pèmi piblisite yo pèmèt pwodiktè bwason atizanal yo fè degistasyon goute ak vant andeyò lokalite yo, ki gen ladan fwar, festival nan lari yo, ak mache agrikòl yo.

Ekonomi Taks yo

Pou ane fiskal 2016 la, Gouvènè Cuomo te agrandi Kredi Pwodiksyon Byè a pou l vin

kouvri endistri [diven, bwason alkòl, ak sidri](#) New York. Kredi a, yo vin rele l kounye a Kredi Pwoteksyon Alkòl, te pwodiktè bwason atizanal yo ekonomize \$12 milyon depi yo te lanse l an 2012 la. Yo atann pou agrandisman kredi a fè endistri a ekonomize \$3 milyon chak ane, sa k ap pèmèt pwodiktè yo reyenvesti nan biznis yo ak nan kominote yo.

Kredi a disponib chak ane pou biznis bwason atizanal ki pwodwi 60 milyon galon byè oswa sid oswa mwens, 20 milyon galon diven oswa mwens, ak 800,000 galon likè nan Eta New York la.

Anplis de kredi pwodiksyon an, egzansyon taks sou lavant pou degistasyon goute nan brasri, sidri, konpayi diven ak distilri ki te la avan te agrandi pou l kouvri taks bwason alkòl la. Kounye a, si yon brasri vle òganize [degistasyon goute nan lokalite](#) kote byè atizanal la ap fabrike a epi li ofri pou vann tou, brasri a pa pral dwe taks sou byè yo sèvi pandan degistasyon goute yo, ni sou boutèy, bouchon boutèy yo, ak etikèt yo te itilize pou anbale byè a.

Prezidan Otorite Bwason Alkòl Eta a, Vincent Bradley te di, “Depi okòmansman, Gouvènè Cuomo te montre angajman l pran pou l devlope endistri bwason atizanal New York la lè l redwi fado taks, frè yo ak règleman an jeneral sou fabrikasyon bwason atizanal yo. Kòm konsekans anpil santèn nouvo ti biznis te ouvri pòt yo pandan sis ane ki sot pase yo k ap kreye djòb, devlopman ekonomik ak estimile touris nan kat kwen eta a.”

Komisè Pwovizwa Taksasyon ak Finans lan (Taxation and Finance), Nonie Manion te di, “Prim ankourajman taks sa a Gouvènè Cuomo te mete an plas la te ede endistri bwason atizanal la fleri toupatou nan eta a, l ap pwomouvwa vitalite ekonomik ak kreye nouvo djòb.”

Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball te di, “Angajman Gouvènè a pran pou l devlope endistri bwason atizanal la te kreye yon anviwonman biznis favorab pou pwodiktè bwason ki baze nan fèm nou yo, an retou, y ap fè apwovizyonman anpil nan engredyan yo itilize yo nan fèm lokal yo epi y ap ede ranfòse endistri agrikilti a. Ekonomi fabrikasyon sa yo te fè pandan ane ki sot pase a yo ap pèmèt yo reyenvesti nan biznis yo epi y ap benefisye kominote lokal yo.”

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, yo te bay prèske 1,000 lisans manifakti. Kounye a, New York genyen prèske 600 fèm ki pwodwi diven, brasri, distilri ak sidri ki sou fèm yo. Kantite konpayi diven ki sou fèm nan New York yo te ogmante plis pase 65 pousan soti nan 195 an 2010 pou vin 322 jodi a. Kantite distilri ki sou fèm yo te ogmante tou soti jis 10 an 2010 pou rive a 110 jodi a. Yo te kreye de (2) nouvo lisans depi 2011, ki gen ladan lisans pou Brasri ki sou Fèm yo an 2013 ak lisans pou Sidri ki sou Fèm yo an 2014, sa ki te lakoz etablisman 150 biznis brasri ki sou fèm ak 28 biznis sidri ki sou fèm yo.

###